

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Kamampuh nyarita tiap jalma tangtu béda-béda. Siswa salaku nu diajar basa Sunda, miboga kamampuh nyarita nu béda-béda ogé. Aya sababaraha cara nu bisa digunakeun pikeun mikanyaho kamampuh nyarita siswa, salasahijina dina nyaritakeun tokoh idola.

Numutkeun Tatang Sumarsono jeung Taufik Faturohman (2006, kc. 137), tokoh idola atawa sakapeung sok disebut tokoh favorit nya éta jelema anu dipikaresep pisan ku urang, tur urang ngarasa kagum ka dirina. Lantaran kitu siswa dipiharep bisa leuwih gampang dina nyaritana sabab biasana tokoh idola éta téh mangrupa tokoh nu dipikaresep.

Salahsahiji kaparigelan basa nu sipatna produktif tur mangrupa komunikasi dua arah nya éta kaparigelan nyarita. Tarigan, H. G. dina Haérudin & Suhérman (2013, kc. 83) nételakeun yén nyarita mangrupa kamampuh pikeun ngucapkeun sora-sora artikulasi nu diwangun ku runtuyan kecap pikeun ngébréhkeun jeung nepikeun pikiran, gagasan, katut kereteg haté.

Aya sababaraha hal nu kudu diperhatikeun dina nyarita nya éta basa nu digunakeun kudu gampang kaharti maksudna. Ungkara kalimahna kudu jelas. Dina milih kekecapanna ogé kudu anu babari kaharti. Tuluy dina prosés nyaritana ulah rusuh, tapi sing nyalsé, sangkan omonganna téh jelas kadéngéna. Ieu hal nu ngabalukarkeun pangajaran nyarita téh dianggap hésé ku siswa. Buktina tina pangalaman panalungtik nalika Program Pelatihan Lapangan di SMP Negeri 6 Cimahi siswa téh nyangking nilai nu leutik nalika di béré pancén nyarita di hareupeun kelas.

Dumasar kana pedaran di luhur aya sababaraha cara pikeun ngungkulan éta masalah salah sahijina nya éta ngagunakeun média pangajaran.

Média pangajaran bisa dihartikeun salah sahiji alat pikeun nganteurkeun pesen pangajaran antara nu méré pesen jeung nu narima pesen. Numutkeun *Tim Pengembang MKDP Kurikulum dan Pembelajaran* (2011, kc. 163) aya sababaraha média pangajaran nu bisa digunakeun pikeun mantuan guru nalika prosés diajar-ngajar nya éta média audio, média visual, jeung média audio-visual.

Média audio nya éta média anu ngandung pesen dina wangun auditif (ngan bisa didéngé nu bisa ngarangsang pikiran, rasaan, perhatian jeung kahayang para siswa pikeun maluruh bahan ajar. Sedengkeun média visual nya éta média pangajaran anu ngan saukur bisa ditingali ku cara ngagunakeun indera paningal. Ari média audio-visual mangrupa kombinasi audio jeung visual, atawa bisa disebut média *pandang-dengar*. Contona program vidéo/ televisi pendidikan, vidéo/ televisi instruksional, jeung program slide sora (*song slide*).

Média pangajaran nya éta naon-naon nu bisa dipaké pikeun nepikeun amanat ti nu ngirim ka nu narima nepika bisa muka pikiran, perasaan, jeung karep siswa sangkan kagiatan diajar bisa lumangsung (Sadiman, spk. 2011, kc. 7).

Média jeung métode pangajaran mangrupa dua hal penting nu kudu diperhatikeun ku guru dina waktu kagiatan diajar-ngajar. Éta dua hal téh raket patalina, misalna nalika milih jeung nangtukeun jinis média pangajaran tangtu kudu luyu kana métode pangajaran nu digunakeun. Ku kituna, milih jeung nangtukeun média pangajaran anu luyu jeung métode pangajaran penting pisan dilakukeun, ku sabab éta hal bakal mangaruhan kana ngaronjat henteuna kualitas pangajaran.

Média pangajaran ogé loba jinisna, salah sahijina nya éta média audio-visual. Média audio-visual mangrupa hiji alat anu eusi amanatna bisa ditarima ngaliwatan indra paninggal jeung indra pangdéngé. Dina ieu panalungtikan, panalungtik nganggap yén média audio-visual bisa leuwih ngirut siswa dina pangajaran nyarita hususna nyaritakeun tokoh idola.

Dumasar kana pedaran di luhur média nu bisa leuwih mantuan guru nalika pangajaran nyarita hususna nyaritakeun tokoh idola nya éta média audio-visual, sabab dina média audio-visual siswa lain ngan saukur ngadéngé atawa nempo tapi bisa dua-duana ngadéngé jeung nempo. Ku kituna panalungtik miharep ku digunakeunna média audio-visual, bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina pangajaran nyaritakeun tokoh idola.

Aya sababaraha hasil panalungtikan ngeunaan nyarita, nya éta “Métode Sugestopedia Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nyarita Dongéng (Mochamad Angga Surya Kusumah, 2012)”, Pamarekan SAVI (Somatis Auditori Visual Intelektual) Pikeun Ngaronjatkeun Kaparigelan Nyaritakeun Pangalaman:

Panalungtikan Tindakan Kelas Ka Siswa Kelas VII-B SMP Negeri 12 Bandung Taun Ajaran 2011/2012 (Ratna Shinta Sukowati Suwanto)”. Salian ti éta, aya panalungtikan séjenna nu sarua nalungtik ngeunaan nyaritakeun tokoh idola, nya éta *Penerapan Teknik Unjuk Tujur Terhadap Kemampuan Siswa Dalam Menceritakan Tokoh Idola (Tanti Agustina, 2013)*, *Penerapan Teknik REIS (Read, Explain, Imitation Style) Dalam Menceritakan Tokoh Idola (Widaningsih, 2010)*, *Keefektifan Metode Tongkat Berestafet Dalam Menceritakan Tokoh Idola Pada Pembelajaran Berbicara (Geri Valdi Mauli)*.

Dumasar kana panalungtikan-panalungtikan di luhur, aya sasaran jeung bébédaan antara panalungtikan nu rék talungtik ku panulis jeung panalungtikan nu geus ditalungtik. Salah sahijina panalungtikan ku Mochamad Angga Surya Kusumah jeung Ratna Shinta Sukowati Suwanto nu sarua nalungtik ngeunaan pangajaran nyarita, tapi éta panalungtikan leuwih kana nyaritakeun pangalaman jeung dongéng. Salian ti éta, aya ogé panalungtikan nu séjenna nu sarua nalungtik ngeunaan pangajaran nyaritakeun tokoh idola tapi bédana dina panalungtikan Tanti Agustina, Widaningsih jeung Geri Valdi Mauli nguji téhnik pangajaran sedengkeun panalungtik nguji média audio-visual dina pangajaran nyaritakeun tokoh idola.

Dumasar kana pedaran di luhur, panalungtikan anu medar ngeunaan Média Audio-Visual dina Pangajaran Nyaritakeun Tokoh Idola perlu dilaksanakeun, anu dirumuskeun dina judul *Média Audio-Visual dina Pangajaran Nyaritakeun Tokoh Idola (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII C SMP Negeri 6 Cimahi Taun Ajaran 2015/2016)*. Ku kituna, média audio-visual anu digunakeun dina ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi salah sahiji alternatif média pikeun guru dina ngaronjatkeun kamampuh siswa nyaritakeun tokoh idola.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Kamampuh anu ditalungtik dina nyaritakeun tokoh idola nya éta kamampuh ngawasa matéri, kalancaran, lentong, adegan basa jeung pilihan kecap (diksi), sarta kaakuratan jeung aktualitas pedaran. Dina nepikeun pangajaran nyarita, salah sahiji cara pikeun ngirut siswa nya éta ngagunakeun média. Salah sahiji média nu

dianggap luyu pikeun pangajaran nyarita nya éta média audio-visual nu dipiharep siswa bisa ngahontal pangajaran nyarita sacara maksimal.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah di luhur, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- a. Kumaha kamampuh nyaritakeun tokoh idola siswa kelas VII C SMP Negeri 6 Cimahi saméméh maké média audio-visual ?
- b. Kumaha kamampuh nyaritakeun tokoh idola siswa kelas VII C SMP Negeri 6 Cimahi sabada maké média audio-visual?
- c. Naha aya béda anu signifikan antara kamampuh nyaritakeun tokoh idola siswa kelas VII C SMP Negeri 6 Cimahi Taun Ajaran 2015/2016 saméméh jeung sabada maké média audio-visual?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, ieu panalungtikan miboga tujuan méré hiji alternatif média ka guru pikeun pangajaran nyaritakeun tokoh idola di SMP/MTs sangkan bisa digunakeun ku guru dina ngalaksanakeun jeung ngaronjatkeun prosés pangajaran anu baris dilaksanakeun sarta mikanyaho téhnik pangajaran nyarita nu kumaha anu dipikaresep ku siswa.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan hayang ngadéskripsikeun:

- a. Kamampuh awal siswa kelas VII C SMP Negeri 6 Cimahi Taun Ajaran 2015/2016 nyaritakeun tokoh idola saméméh maké média audio-visual;
- b. Kamampuh ahir siswa kelas VII C SMP Negeri 6 Cimahi Taun Ajaran 2015/2016 nyaritakeun tokoh idola sanggeus maké média audio-visual;
- c. Bédana antara kamampuh nyaritakeun tokoh idola saméméh jeung sanggeus maké média audio-visual siswa kelas VII C SMP Negeri 6 Cimahi Taun Ajaran 2015/2016.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara teoritis ieu panalungtikan dipiharep miboga mangpaat pikeun mekarkeun tiori ngeunaan média pangajaran nya éta média audio-visual anu digunakeun nalika pangajaran nyaritakeun tokoh idola. Salian ti éta, dipiharep bisa méré hiji hal nu positip dina widang atikan basa Sunda.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Aya sababaraha mangpaat praktis tina ieu panalungtikan nya éta pikeun siswa, guru, jeung panalungtik.

1) Siswa

Siswa bisa leuwih kairut minatna dina pangajaran nyarita hususna nyaritakeun tokoh idolana.

2) Guru

Guru bisa ngagunakeun média audio-visual dina pangajaran nyarita.

3) Panalungtik

Nambahan élmu pangaweruh ngeunaan kamampuh siswa dina nyaritakeun tokoh idola saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média audio-visual, meunang pangalaman nalungtik kamampuh siswa dina pangajaran nyarita.

1.5 Raraga Tulisan

Skripsi ieu disusun jadi lima bab nya éta BAB I eusina ngawengku kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan jeung raraga tulisan. Dina BAB II eusina ngawengku ulikan tiori, panalungtikan saméméhna, kalungguhan tiori, raraga mikir, jeung hipotésis panalungtikan. Tuluy dina BAB III eusina ngawengku desain panalungtikan, sumber data panalungtikan, instrumén panalungtikan, prosedur panalungtikan, jeung analisis data. Dina BAB IV eusina ngawengku kamampuh awal nyaritakeun tokoh idola siswa kelas VII C SMP Negeri 6 Cimahi taun ajaran 2015/2016 saméméh maké média audio-visual, prak-prakan maké média audio-visual dina pangajaran nyaritakeun tokoh idola siswa kelas VII C SMP Negeri 6 Cimahi taun ajaran 2015/2016, kamampuh ahir nyaritakeun tokoh idola siswa kelas VII C SMP Negeri 6 Cimahi taun ajaran 2015/2016 sabada maké média audio-visual, béda antara kamampuh nyaritakeun tokoh idola siswa kelas VII C SMP Negeri 6

Cimahi taun ajaran 2015/2016 saméméh jeung sabada maké média audio-visual.
BAB V eusina ngawengku kacindekan, implikasi, jeung rékomendasi.